



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## NOUYÒK KANPE AK SIVIVAN YO: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO AN BLE POU VIKTIM ABI SOU TIMOUN YO

*Yo pral limen 14 moniman an ble nan onè Mwa Prevansyon Abi sou Timoun yo*

Pandan Semèn Dwa Viktim Krim Nasyonal la, ak Mwa Prevansyon Abi sou Timoun lan, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 14 moniman istorik Eta a pral limen ble aswè a pou sansibilize efò prevansyon eta a pou pwoteje timoun ak fanmi yo. Gouvènè Hochul te deja pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki rekonèt Avril kòm Mwa Prevansyon Abi sou Timoun nan Eta Nouyòk.

"Pi gwo priyorite mwen se asire sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo - espesyalman timoun nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou travay ansanm, nou ka asire ke chak timoun gen opòtinite pou yo pwospere nan yon anviwònman ki an sekirite ak ankourajan. Mwen pran angajman pou elve vwa sivivan yo, epi sipòte fanmi ak defansè yo, ansanm ak fòs lòd la, pandan n ap travay pou avanse inisyativ solid pou anpeche abi sou timoun nan Eta Nouyòk."

Tèm ane sa a pou mwa a se "Sipòte Byennèt Timoun ak Fanmi yo" pou mete aksan sou zouti prevansyon kle ki ka ede asiste ak ranfòse fanmi yo, finalman sa k ap anpeche abi ak neglijan sou timoun yo. Pami zouti sa yo genyen Sant Opòtinite pou Fanmi yo ak Sant Resous pou Fanmi yo ki nan tout Eta Nouyòk, ak liy asistans OCFS HEARS la.

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS), Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare**, "OCFS dedye pou sipòte inisyativ inovan ki baze sou prèv pou anpeche abi sou timoun atravè sèvis prevansyon ak sipò ki fòtifye fanmi yo ak ankouraje anviwònman an sante pou timoun yo. Nou gen chans pou nou viv nan yon eta kote Gouvènè nou an ap dirije yon fason pwo-aktif nan kè ak nan lespri, san ekivòk li sipòte pwoteksyon tout Nouyòkè yo, patikilyèman moun ki pi vilnerab yo. Anpil angajman Gouvènè Hochul pran yo gen ladan l'investisman nan Sant Opòtinite pou Fanmi yo ak Sant Resous pou Fanmi yo, ki sitiye nan tout eta a. Sant sa yo gen entansyon ekipe fanmi yo ak amelyore faktè pwoteksyon tankou rezistans parantal, koneksyon sosyal, ak aksè ak resous yo."

Anplis piblikasyon pwoklamasyon an, Gouvènè Hochul te mande pou yo limen 14 moniman ak bilding nan Eta a pou rekonèt Mwa Prevansyon Abi sou Timoun nan.

Moniman ak bilding yo ki limen aswè a, 9 avril la, gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Gouvènè Hochul kontinye sipòte inisyativ pou fanmi ak timoun ki fèt pou ogmante faktè pwoteksyon ki diminye risk pou abi oswa move tretman sou timoun. Nan Bidjè Egzekitif 2025-2026 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze yon ogmantasyon 9.2 milyon dola nan finansman pou Sant Defans Timoun (Child Advocacy Centers, CAC) Eta Nouyòk yo – plis pase doub finansman anyèl anvan an. Sant Defans Timoun yo bay yon anviwònman ki favorab pou timoun, ki sekirize, ki bay sipò pou viktim abi/neglijans sou timoun yo ak moun k ap okipe yo ki pa ofanse yo.

Anplis de sa, Eta Nouyòk te kontinye sipòte Sant Opòtinite pou Fanmi ak Sant Resous pou Fanmi yo, ki sitiye nan òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif ak lekòl eta yo epi ki vize pou amelyore byennèt fanmi nan amelyore koneksyon sosyal, konesans sou jwe wòl paran ak devlopman timoun, ak rezistans paran yo, ak nan bay sipò konkrè tankou asistans alimantè, sipò lojman ak koneksyon ak bon jan kalite swen sante fizik ak mantal. Yo te lanse Sant Opòtinite pou Fanmi yo atravè yon kolaborasyon ant OCFS ak Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED).

Anplis de sa, yon lòt zouti enpòtan pou prevansyon ak ranfòsman fanmi se liy OCFS HEARS (Help, Empower, Advocate, Reassure and Support (Ede, Ekipe, Rasire ak Sipòte), ki fèt pou konekte fanmi yo ak resous kominotè ki ofri èd ak lojman, manje, swen sante ak plis ankò. Nenpòt moun ka rele 1-888-55HEARS (1-888-554-3277) lendi jiska vandredi soti 8:30 a.m.– 4:30 p.m.

### **Enfòmasyon sou Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk la**

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an sèvi piblik Nouyòk la nan ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun, fanmi ak kominote yo. Ajans lan bay yon sistèm sipò pou

fanmi, jistis jivenil, devlopman jèn, gadri ak sèvis byennèt timoun epi li responsab pou pwogram ak sèvis ki enplike fanmi dakèy, adopsyon ak asistans pou adopsyon, sèvis pwoteksyon timoun, sèvis prevansyon pou timoun ak fanmi, ak pwogram pwoteksyon pou adilt vilnerab yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)